

Nigeria Coronavirus CivActs Campaign

Issue #16 20.08.2020

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.


The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throway this bad sickness comot for our country.

Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.

Follow the money


COVID-19 funds wey dem announce as of May 3



source: www.businessday.ng/backpage/article/who-monitors-the-spending-of-covid-19-funds



COVID-19 funds wey dem gather as of 25 June




source:

www.indepthnews.net/index.php/opinion/3643-using-covid-19-donations-to-give-charity-a-bad-name

COVID-19 funds spent

- 1. CACOVID: N16 billion (source: www.allafrica.com/stories/202005130567)
- 2. Evacuation of Naija pipo wey dey abroad:: N169 million (source: https://www.thecable.ng/covid-19-fg-spent-n169m-evacuating-nigerians-says-ptf-coordinator)

COVID-19 support fund for Naira (billion)



The Nigerian government has yet to publish a comprehensive list of COVID-19 donations received and/or spent. However, an aggregate can be made from announced donations in the media so far:



YEYE TORI





TRUE TORI

You no go get COVID-19 if you take Vitamin D supplement

Even though Vitamin D good to take, if you take am too much as supplement, e fit affect your health. No evidence dev wey talk sev Vitamin D dey prevent or treat coronavirus.

Vitamin C fit fight COVID-19

Vitamin C na essential nutrient wey dev support immune system, but evidence sey e dey prevent or cure coronavirus no too dey. Scientists dem dey study the matter as e dey hot, but that one no mean say you go come pack Vitamin C full for body without advice from doctor.

Herbal medicines fit fight coronavirus

E no too clear how herbal medicines dey take work, and evidence no too dey because dis kain medicines no dey undergo trials wey fit show sey dem dey work.

WHO don yarn sey make any country no dey use any drug wey dem never test to see how hin dey take work.

I no need wear mask if I don sanitize my hands


The main way coronavirus dey waka na through droplets wey fit spread when pesin cough, sneeze, talk, and breathe. E dey important make you wear mask if you dev where pipo plenty because e dey reduce how the infection dev take spread by 60%.

Disinfectant spray chamber dey eliminate coronavirus

E dey dangerous make you spray pipo with chemical disinfectants and CDC no recommend am. Even if pesin wey get the virus enter the disinfection chamber and comot, dem still fit spread the virus as dem they speak, cough, or sneeze.



COVID-19 recoveries chart



COVID-19 situation update as of 13th July, 2020

Total number of pipo dem don discharge:

13,671

Samples wey dem test: 186,309 Pipo wey test positive: 33,153 Confirmed deaths: 744 (2.2% rate)

Number of states wey get positive case: 37

Provenance:

•Travel history: 593 (2%) •Contacts: 8,266 (35%)

•Unknown exposure: 24,294 (73%)

Demographics:

•Male: 21,643 (65%) •Female: 11,510 (35%)

Age group wey eaffect pass: 31 - 40(25%)

CORONAVIRUS UPDATE FOR NAIJA AT AS TODAY - 19/08/2020

49,895

981

37,051 355,196

CONFIRMED CASES

DEATHS

RECOVERED

TESTED

